Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 33 (7382)
1 Август 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Районалъул гIолилазул IV форум



Араб анкьил ахиралда ахиралда Унсоколо районалъул администрациялъул азбаралда букIана тIадегIанал цIалул заведениязда цIалулел, лъикIал хIасилял росулел студентал, спортсменалги, киналго бажари бугел, жигарал гIолилал гIахьаллъараб муниципалияб районалъул гIолилазул IV форум.

ХIурматиял гьалбаллъун форумалъул рукIана РДялъул спорталъул ва физическияб хIадурлъиялъул министрасул зам. Халилбек МахIачев, Хьаргаби районалъул бетIер Рамазан Малачилов, РДялъул мустахIикъай врач Зубаржат МухIамадова, ГьаракIуниса поэтесса Залпа МухIамадрасулова, ХъахIабросулъа МахIмудил фондалъул председатель МухIамад ХIасанов, «АхIулгохI» ДРООялъул пред. Гъайирбег ГIабдулаев, Унсоколо районалъул Общественияб палатаялъул пред. МухIамад ГIабдулаев ва цогидалги.

Саламалъул рагIаби абун форум рагьана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьес абуна: «Унсоколо район унго-унголъунги цебетIолеб буго. Нилъер район ккола



Дагъистаналъул ракIлъун, гьеб буго туризмалъулги халкъиял промыслабазулги централъун.

ТIолабго улкаялда гIадин районалда гIатIидго хIалтIизарулел руго миллиял проектал. Гьелъ квербакъулеб буго районалда лъай кьей, сахлъи цIуни, туризмгун спорт цебетIеялъе, гIолилазе умумазул цIар рагIарал гIадатазда тарбия кьей. Жакъа улкаялъул ВУЗазда, колледжазда цIалулел руго районалдаса гIемерал студентал, гьезул лъайгун бажариялда бараб букIине буго хадубккун районалъул къисмат.

ХIурматиял студентал! Районалъул нухмалъиялъул, нужер гIагаразул, чIахIиял хьулал руго нужеде, нужер захIмат бокьиялъ, халкъалъе загьирлъарал гIамал-хасияталъул лъикIал качествабаз мисал бихьизабизе ккола хадуб гIун бачIунеб гIелалъе», - ян бихьизабуна гьес.

Форумалда «За отличную учёбу» ва «За достижения в спорте», - абурал рамкабазда жанир хIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал кьуна мисалиял гIолилазе. Гьенирго баркалаялъулал рагIаби абун кIалъана студентал, гьезул эбел – эмен. Гьез бихьизабуна гIолилазул махщел, пагьму-гьунар цебетIеялъе гьадинал дандеруссиназ квербакъулин. Форумалъул хIурматалда азбаралъуб гIуцIун букIана щибал росабазул азбаралги.

Торжественнияб сагIаталдаса хадуб букIана праздникалъулаб концерт. Гьелъул программа рагьана Дагъистаналъул мустахIикъай артистка А. Мусалаевалъ, цее яхъана ГI. Бигишиева, А. Лабазанов, ТI. ГIумаров, М-ХI. ХIадисов, «Унцукуль» фольклорияб ансамбль ва цогидалги. Цере рахъаразухъе кьуна баркалаялъулал кагътал.

Форум ана гIолеб гIелалъе насихIаталгун.



Эксперимент

## Рахьдал продуктабазул качество букIиналъе



Гьаб соналъул 15 июлалдаса нахъе байбихьана рахьдал продукциялъул маркировка гьабиялъул эксперимент. Хасго проекталъул рамкаялда жаниб маркIаби чIвазе руго тукабазда ричулел продукциялда: рахьдада, сливкабазда, сливочнияб нахуда, хIанида, йогурталда, кефиралда, рахьдал бахъараб ридиялда, нисуда, мороженоялда ва цогидалдаги.

Хабар буго дезинфекция гьабун, заралиял микробал хвезарун бацIцIад гьабураб тараялъуб лъун промышленнияб къагIидаялъ къачIараб продукциялъул. «Честный знак» гIаламаталъ гIуцIула общественнияб хъаравуллъиялъул система. Гьелъ рес кьола заман араб ва качество гьечIеб продукциялдаса хвасарлъизе, мобильнияб телефоналъул кумекалдалъун хал гьабизе бегьула продукциялъул легальносталъул.

Эксперимент халат бахъине буго 2020 соналъул 29 февралалде щвезегIан. Гьединаб хъаравуллъиялъ рес кьезе буго законнияб гуреб куцалъ бачIараб продукция бичизе гьукъизе, цIикIкIине буго таможенноялдасан налогал рачIинариги. Эксперименталда гIахьаллъизе руго продукция гьабулел, батIи-батIиял продукциялъул импортерал, оптовиялгул розничнияв бича-хисиялъул организациял, квана-гьекъолел жалазул сфера.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 33 (7382)
1 Август 2019 сон



Дагъистаналда республикаялъул профилактикаялъул централда ва здоровье централдаги рагьизе хIисабалде босун буго общественнияб сахлъи цIуниялъул центр. Гьеб рагьизе буго «Демография» миллияб проекталъул рамкаялда жаниб. Центр хIалтизе буго инфекциялъулал гурел унтабазде данде чIеялъул программаби хIадуриялда ва гIумро гьабиялъул сахаб къагIидаялда хурхун бичIчIи кьеялда тIад. 2024-абилеб соналде гьеб проекталъ киналго росаби шагьарал гьорлъе рачине ккола.



# ТIолгороссиялъул гIадамазул хъвай-хъвагIай



2020 соналда букIине бугеб ТIолгороссиялъул гIадамазул хъвай-хъвагIай гьабиялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи гьабуна 31 июлалда райадминистрациялда. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, районалъул статуправлениялъул нач. СагIабдула СагIабдулаев ва цогидалги иш тIаде кколел гIадамал.

Данделъи рагьулаго П. НурмухIамадовас ракIалде щвезабуна 2020 соналъул 1 – 31 октябралда тIобитIизе бугин ТIолгороссиялъул гIадамазул хъвай-хъвагIай гьабиялъул жавабияб хIалтIи, тIадчIей гьабуна гьелде щивав чи жавабчилъигун валагьизе кколин.

Гьеб суалалъул бицунаго С. СагIабдулаевас тIадчIей гьабуна гIадамазул хъвай-хъвагIай гьабиялъул бугеб кIваралда, бихьизабуна гьелъулъ гьалатI биччани, гIицIго районалъ гуребги росабазул администрациябазги жаваб кьезе кколин, гьелъ районалъул бюджеталда ва АСПялда тIад асар гьабулелъул,- абун.

«Хъвай-хъвагIай гьабулаго гьитIинабги гьалатI биччани, гьеб битIизабизе нилъее къваригIуна 10 сон. Хъвай-хъвагIаялъ гьоркьоре рачинчIого хутIизе бегьуларо районалъул цо чиги, район тун къватIир гIумро гьабулездецин кIвар кьезе ккола. Гьелъ гьоркьоре рачине ккола щибаб рукъ, гIумро гьабулеб бакIалъул площадь», - ян бихьизабуна П. НурмухIамадовас.

Хадубккун дандчIвай ана гарачIвариялъул къагIидаялъ, кьуна суалал, гьезие щвана жавабалги.

ДандчIваялъул ахиралда бетIерас киналго ахIана гIадамазул хъвай-хъвагIай гьабиялъул иш гIуцIадго, цIарал болжалазда иналъе кинабго гьабизе.

# ЛъикIаб къимат



Анкьилаб данделъи байбихьилалде В. Васильевас кIвар буссинабуна РДялъул Правительствоялъул Председателясул заместительлъун вукIарав А-М. Абулмуслимовасул хIалтIуде. Гьанже гьев вуго росдал магIишаталъул министрлъун. В. Васильевас гьесул кIвар буссинабуна росдал магIишаталда гьаризесел хиса-басиязде, хасго агропромышлениеяб комплексалде. Гьесул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна республикаялъул бетIерас.

Гьудуллъи

# Нух битIаги, дуе, классцояй!



Щивасе школалъул гIумро буго ургъел-агъаз гьечIел санал жанир унел, хадубккун даимгоялъе ракIалде щвейлъун хутIулеб, бищунго гвангъараб заман. ГIумроялъул ахиралде щвезегIан кIочонаро цадахъ цIаларал ясал-васал ва лъимерлъиялъулал лъугьа-бахъинал. Цадахъ цIаларазул бергьенлъабаз, гIумро унеб куцалъ асар гьабичIого хутIуларо гIемерал санал ун хадубги.

Гьедин ниж чIухIарай, гIумроялъул нух батизе лъарай классцояйлъун ккола ЦIатIанихъ росулъа гIемерал саназ Унсоколо районалда жанисел ишазул отделалъул начальниклъун хIалтIарав, жиндир мунагьал чураяв МухIу ХIусейновасул яс ПIайшат МухIумаевна. Гьей гIодое йиччарай, амма цIалудехун унго-унголъунги жавабчилъиялда ялагьулей яс кидаго ятIа яхъизе кIолаан нижеда гьоркьоса. Гьелъ кIвар кьечIого, тIаса-масаго толароан учителас абураб цо рагIи, лъазабизе тIадаб цо дарс ва гIужилго ишан босун букIана лъималазе лъайгун тарбия кьезе бажари цIикIкIинабиялъе гIоло тIадегIанаб лъай босиялде.

ПIайшат гьаюна Унсоколо районалъул ЦIатIанихъ росулъ. Ункъго класс Унсокологи лъугIизабун микьго класс лъугIизегIан цIалана ЦIатIанихъ школалда. Гьеб лъугIарабго педагог яхъине цIализе ана Буйнакскиялъул педучилищеялде. Гьеб лъугIизабуна «3» къимат ккечIого.

ПIагараб школалда цо лъагIалица хIалтIидал тIубараб, щулияб лъай щун гьечIолъи бичIчIана ПIайшатида ва гьеб соналъго цIализе лъугьана Дагъистаналъул Пачалихъияб университеталъул Дагъистаналъул мацIазул ва литератураялъул факультеталде. Гьениб щвана магIарул ва гIурус мацIалъулгун литератураялъул преподавателасул махщел.

АнцIила кIиго соналъ хIалтIана гьей байбихьул классазул учительницалъун, цадахъго рачанагIурусмацIалъулдарсалги. 2002 соналдаса нахъе хIалтIулей йиго школалъул завучлъун, гьединго кьолел руго мацIазул ва литератураялъул дарсал. ПIайшат ХIусейнова ккола «Дагъистан республикаялъул лъай кьеялъул отличник». ХIалтIул заманалда щвана гIемерал ХIурматалъул грамотаби. Гьанже ракIалъ тIаса бищараб махщалида талихIайги йиго ПIайшат.

Санал ун хадуб гурони бичIчIуларо нилъеда лъай босиялъулги мурадалде щвеялъул кьеркьеялъулги гIумроялъул нухда бугеб кIвар. Ниж чIухIула нижер классцоялъул бергьенлъабаздаса, гьелъул ишалдехун бугеб ракI чIараб балагьиялдаса. Нух битIаги, дуе ПIайшат, ракIалъ тIаса бищараб махщалида ва гIумроялъул нухда!

**Классцоязул гьариялда рекъон хъвана:**
**ПатIиматзагьрат РасулхIажиевалъ**
**ва Марьям АхIматIхъановалъ.**

Нужеего зарал гьабуге!

## Электроприборал хIалтIулеб мехалъ аскIор чIоге!

РукIа-рахъиналъул техникаялъ электромагнитнияб излучение кьун зарал гьабизе бегьула сахлъиялъе. ЧIезабун буго электромагнитниял полеязул къуват 0,2 мк Тл бахунеблъи (микро Теслы).

ЧIорал риччаялъул лидерал

* Микроволновкаби – чIорал риччаялъул къуватаб источник. ПIемерисеб мехалъ гьеби биччан хозяйка квен хинлъизегIан аскIой чIола. Гьеб жо кинго гьабизе бегьуларо! Печь хIалтIулеб мехалъ гьеб гьечIеб рокъорехун ун чIезе лъикIаб буго.

* Электрочайниказул ва итуялъул чIорал риччаялъул кIудияб къуват букIунаро.

* 100 мк Тл-алде гIагарун поле цIикIкIараб буго пылесосалъул. Амма гьеб шлангалъ хадуб цIан букIуна, гьеб цIакъго аскIоб букIунаро.

* Къуватаб буго гIемерго черолеб машинабазул поле. Гьединлъидал автоматическияб черолеб машина хIалтIулеб мехалъ аскIор чIезе лъикIаб гьечIо.

* Рекорд босула чIорал речIчIизариялъул рахъалъ электроприборалъ. Гьезул поле рикIкIуна нус-нус мк Тл рикIкIеналъ.

*Мобильниялъ 35 минуталъ 900 Мгц диапазоналда кIалъани 5-10 ртутнияб столбаялъ бахуна артериалияб давление.

* Компьютералъул хIакъалъулъ. Гьелъул электромагнитнияб полеялъул чIорал тIиритIула киса-кирего, гьединлъидал манитор лъезе ккола 70 см. рикIкIад. Гьелдаса 1,5 метралъ рикIкIада чIаницин лъикIаб буго. Нахъисел ва хьолбохъ ругел стенкабазцин кьола гьез чIоразулаб зарал. Кинал ракIаниги кактусаз гьелдаса хвасарги гьаруларо.

Кин нужееего хIинкъи гьечIолъи букIинабилеб?

* Кровать лъоге кабельнияб проводкаялда яги телевизоралда аскIоб. Телевизоралда цере гIодор чIолаго гIодобегIанисеб къадар гьоркьоб манзил букIине ккола 3 метр.

*Электроприборал лъезе ккола 1,5-2 метралъ цоцадаса рикIкIад ва цого заманаялъ хIалтIизе риччазе бегьуларо.

* Рокъобе цIияб гьава биччай, гьелъ загIип гьабула электрическиял полеязул тIад асар гьаби. Рукъалъул тIугьдуз; бегониял ва фиалкабазги ионаздаса гьава бацIцIад гьабула.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 33 (7382)
Хамиз
1 Август 2019 сон

3 гъумер

# С а д о в о д

Страница в номере



# Медведев сообщил о дополнительном финансировании регионов



Председатель партии «Единая Россия», глава Правительства Дмитрий Медведев поддержал ряд предложений, которые были озвучены в ходе очередного заседания Комиссии по контролю за реализацией пред-выборной Программы Партии. Так, на дополнительные инвестиции программ по приобретению школьных автобусов и машин «скорой помощи» в общем объеме регионам будет выделено до 10 млрд рублей. Кроме того, одобрение Председателя Партии получили инициативы о снижении бюрократической нагрузки на учителей, увеличении финансирования реконструкции сельских домов культуры (ДК), поддержке строительства физкультурно-оздоровительных комплексов (ФОКов) и бассейнов, устранении разницы между средними заработными платами педагогических работников по регионам.

С предложением об увеличении поддержки при реконструкции и строительстве сельских ДК к Председателю Партии обратилась координатор партпроекта «Культура малой Родины», первый заместитель председателя комитета Государственной Думы по культуре Ольга Казакова. «Регионы подали заявки на 2020 год почти на 11 млрд рублей, а у нас имеется 2,6 млрд рублей. Все заявки подкреплены проектно-сметной документацией», - рассказала Казакова.

«Когда-то мы с вами эту тему начинали. Самое главное здесь - не остановиться и ее продолжать», - подчеркнул Медведев.

Координатор партпроекта также особо отметила важность поддержки детских театров. «Миллиард на детские театры, который сегодня есть, дал огромную возможность им развиваться. За счет этого театры сделали более двух тысяч постановок, закупили транспорт, обновили оборудование и кресла в залах. Нам нужно, чтобы еще два-три года эта поддержка сохранилась», - подчеркнула Казакова.

Член Президиума Генерального совета Партии, председатель комитета Государственной Думы по образованию и науке Вячеслав Никонов предложил продлить программу строительства физкультурно-оздоровительных комплексов и бассейнов при вузах. По его словам, на сегодняшний день строится восемь бассейнов и 37 открытых и крытых ФОКов.

«Дмитрий Анатольевич сегодня поддержал идею выделить дополнительные средства на соответствующие партийные проекты», – сказал парламентарий.

Также он отметил, что Медведев дал поручение и согласие на дополнительные инвестиции программ по приобретению школьных автобусов и машин «скорой помощи» в общем объеме до 10 млрд рублей.

Никонов отметил, что в рамках реализации блока «Образование» предвыборной Программы Партии с 2016 года было построено 332 школы на более чем 160 тысяч мест и выступил с предложением устранить разницу между средними заработными платами педагогических работников по регионам. По его словам, необходимо разработать «дорожные карты», гарантирующие минимальную заработную плату при работе на одну ставку в размере не менее 70% от средней заработной платы по экономике региона и ее фиксацию в трудовых договорах с каждым учителем.

«По минимальным ставкам - это мы с вами обсудим. Надо посчитать, по средней в регионе как там устанавливают», - отметил Медведев.

В свою очередь координатор партпроекта «Здоровое будущее», депутат Госдумы Дмитрий Морозов сообщил, что в Программе ставилась задача по обновлению не менее 20% машин скорой помощи. «За три года с 43% в 2016 году до 32% удалось снизить количество тех автомобилей, которые имеют износ более пяти лет», - добавил он.

Координатор партпроекта «Новая школа», член Президиума Генсовета Партии, депутат Госдумы Алена Аршинова выступила за снижение бюрократической нагрузки на учителей. Председатель Партии призвал постепенно избавить учителей от излишней отчетности. «Любые органы управления, которые так или иначе распространяют свою компетенцию на школу в том или ином измерении, правоохранительные органы - все пишут и требуют обязательно личного ответа. Надо с этим бороться», - заявил он.

Также Медведев отметил, что «Единая Россия», в том числе, должна следить за работой малокомплектных школ, не допуская их закрытия.

Очередное заседание Комиссии по контролю за реализацией предвыборной Программы Партии прошло 25 июля в ЦИК «Единой России». Его провел Председатель «Единой России», глава Правительства Дмитрий Медведев. Участники дискуссии представили отчеты по реализации блоков «Экономика роста и благосостояния», «Образование», «Культура» и «Здоровое будущее», а также рассмотрели экспертные предложения по повышению их эффективности. Комиссия по контролю за реализацией предвыборной Программы Партии на регулярной основе проводит обсуждение разделов с целью подведения промежуточных итогов и актуализации Программы.

# Глава Дагестана призвал усилить работу по привлечению молодых специалистов на работу в сёла



Под руководством Главы Дагестана Владимира Васильева состоялось еженедельное рабочее совещание по актуальным социальным вопросам. Среди них – обсуждение хода реализации проекта «Земский доктор» на территории региона.

С подробной информацией выступил министр здравоохранения РД Джамалудин Гаджиибрагимов, который отметил, что уровень качества системы здравоохранения в первую очередь определяется уровнем обеспеченности, укомплектованности, профессиональной подготовки и квалификации специалистов. Особую роль в укомплектовании медицинских организаций сельской местности врачебными кадрами, по его словам, занимает программа «Земский доктор».

«За 5 лет реализации программы «Земский доктор» привлечено на работу 1080 дагестанских врачей. Для сравнения: количество врачей, работающих в системе здравоохранения республики, в 2018 году составляло 10233 человек, из которых в сельской местности трудилось 3408 специалистов», – сказал он.

По словам Минздрава Дагестана, на сегодняшний день дефицит врачебных кадров в сельской местности – 421 штатная единица. Наибольший дефицит прослеживается среди врачей-педиатров, терапевтов, рентгенологов, фтизиатров, анестезиологов-реаниматологов и так далее.

В рамках доклада Джамалудин Гаджиибрагимов также подчеркнул, что в текущем году по данной программе планируется трудоустроить в сельскую местность 224 врача и 10 фельдшеров. Также, по его данным, на сегодняшний день трудоустроено 52 врача, из них в сельской местности – 41 человек, в малых городах – 11, а также 7 фельдшеров.

На совещании отмечено, что опрос врачей, трудоустроившихся по программе «Земский доктор», показал, что для продолжения работы на селе им необходима поддержка со стороны муниципальных образований в виде предоставления служебного жилья и других мер социальной поддержки, что будет для медицинских работников существенным стимулом для закрепления на селе.

Комментируя доклад министра, Глава Дагестана призвал усилить работу по привлечению молодых специалистов на работу в сёла. «Это направление необходимо правильно подавать, в том числе используя социальную рекламу», – подсказал один из вариантов Владимир Васильев.

# Чемпионат «Абилимпикс»

В соответствии с распоряжением Правительства РД от 26 февраля 2018 г. № 312- р планируется проведение третьего Регионального чемпионата конкурсов профессионального мастерства для людей с инвалидностью и ограниченными возможностями здоровья движения «Абилимпикс» в РД, который состоится в конце сентября 2019 г.в РДЮСШ «Энергия» г. Каспийск.

Приглашаем принять участие в чемпионате людям с инвалидностью и ограниченными возможностями здоровья, проживающем в Унцукульском районе для участия в компетенции «Ювелирное дело».

# Цифрабазулаб телевещание букIинабиялда хурхун



Буйнакск районалъул администрациялда РДялъул Минкомсвязалъ тIобитIана цифрабазулаб телевещаниялде рачIиналда хурхараб данделъи. Гьез хасаб план-графикалда рекъон киса-кирего хIалтIулал сапарал гьарун, кусталъулал совещаниял тIоритIулел руго республикаялъул гIадамазе цифрабазулаб телевещаниялде рачIиналъе кумек букIине. Данделъиялде ахIун рукIана МугIрузулал территориалияб округалъулъул вакилзаби. Гьений гIахьаллъана нилъер районалдаса «Голос гор» сетевияб газеталъул редактор Мадина Султановаги.

Цебеккун бицухъе Дагъистан ккана ункъабилеб, ай ахирисеблъун рикIкIунеб гьеб хIалтIизабиялде хурхун регионазда гьоркьобе. Республикаялда гьеб хIалтIизе биччазе буго 1 октябралда. «Аналоговияб сигнал къотIизабизе гьечIо, къотIизаризе руго пачалихъиял каналал, аналоговиял сигналаздасан кьолел. ГIемерисел 2013 соналда къватIире риччарал телевизорал хьезарун руго цифрабазул приемниказдалъун – гьелда хурхун бетIергьабаз щибго жо босизе кколаро. ГIицIго настройкаби кколел бакIалде рачани гIола, гурони хIажалъизе буго хасаб цифровияб тюнер»,-ян бихьизабуна гьенив кIалъарав РДялъул информатизациялъул ва халкъияб коммуникациялъул министрасул ишал тIуралев, тIоцебесев зам. Бадрудин МухIамадовас. Гьесго бихьизабуна бицен гьабулеб бугеб ишалда хурхун социалияб рахъалъ хьезари гьечIел гIадамазе льготал рукIине ругин.

Хасаб пункталдалъун бицана волонтёразул хIалтIул. РакIалде щвезабизин Буйнакск районалъул Ишкартала росу хутIулеб буго цифровияб телевещаниялда гьоркьобе ккечIого. Гьединлъидал гьеб росдал гIадамаз босизе ккола спутниковияб оборудованиялъул комплект. ЛъагIалил байбихьудаса нахъего волонтёраз гIадамазда гьоркьоб гьабулеб буго бичIчIи кьеялъул хIалтIи, бицунеб буго кин битIун тIаса бищилеб приставка, гьелда щиб-кин чIвалеб, антенна кин рекъезабилеб, мультиплексал кколеб куцалъ. Гьединго операторас спутниковиял телесигналал рихьизаруна цифровияб телевещаниялде рачIунаго хIалтIизарулел оборудованиязда.



Лъалищ нужеда?

## Антибиотиказ кьаралъизарула

Лъимерлъуда гIадамаз хIалтIизабурал дарабаз рес буго кьаралъизе. Медиказ гьелъул хIакъалъулъ гьадин абулеб буго: 3 сон базегIан лъималазе кьурал антибиотиказ лъималазул жеги щулалъичIеб бакьазул микрофлора хвезабулеб буго. Бактерияз асар гьабулеб буго гьелдаго цадахъ аппеститалда тIадги. Гьединлъидал доктораздасан тIалаб гьабулеб буго гьитIичазе антибиотикал цIакъ ургъун хъвазе. Гьел гьечIого тIуралел гьечIони, лъималазул кванида гьорлъ хIалтIизабизе ккола кисломолочниял квенал ва пробиотикал.

## Заман щвечIого гьарурал гьунар бугел рукIуна

ГIемерисеб мехалъ заман щвечIого гьарурал лъимал хадур лъугьуна заман щун гьарурал гIел бащадалго гIадинал. Гьеб гуребги заман щвечIого гьарурал лъималазда гьоркьор руго хасал гьунар бугел. Гьединаздасан ккола Альберт Энштейн, Иссак Ньютон, Наполеон Банопарт.

## Рукъалъул хIуралъ рак унти ккезабизе бегьула

ГIалимзабаз чIезабун буго рукъалъул хIуралъулъ рукIунин гIицIго бактериял гурелги гIадатиял хIуралъул нацIцIал, гьединго данделъун рукIунин рокъор хIалтIизарулел батIи-батIиял тIагIалабаздасан рачIарал химическиял жал. Гьел рукIуна загьруял ва ккезаризе бегьула батIи-батIиял унтаби, гьелдаго цадахъ ракги. Масала, мебелалъул цIаялде данде чIезе гьарурал жураял. Кинабниги лъазабун буго 45 заралияб цолъи. Щибаб рокъоб батизе бегьула 10 гIан заралияб жо гьорлъ бугел химическиял жал. ХIинкъиялда гьорк рукIуна гIисинал лъимал. Гьел рукIуна гIодоса хъурщулел, гьенир расандула, гIодоб батараб жо кIалдиб лъола. Гьелдаса рорчIиялъе буго цо нух: хиси щаклъи бугел рукIа-рахъиналъул алатал, росе хIинкъи гьечIел.

## МИНСТРОЙ И ЖКХ РД СООБЩАЕТ:



**Уважаемые жители Унцукульского района!!!**

Доводим до вашего сведения План мероприятий по повышению доступности финансовых услуг и увеличению доли безналичных платежей на территории Республики Дагестан (в том числе в отдаленных, малонаселенных и труднодоступных населенных пунктах) на 2019-2020 годы, утвержденный Председателем Правительства Республики Дагестан А.А. Здуновым, Начальником Южного главного управления (центрального банка Российской Федерации Е.Э. Эберенц и управляющим Отделением - Национальным банком Республики Дагестан Южного главного управления центрального банка Российской Федерации В.И. Черний от 13.03.2019 г. Мероприятия, указанные в данной дорожной карте нацелены на облегчение жизни граждан, а также создаст прозрачную систему сбора платежей потребителей за жилищно-коммунальные и иные услуги на территории Республики Дагестан, с применением различных способов платежей: с использованием электронных карт, терминалов, касс обслуживания, банкоматов и иных способов безналичных платежей, удобных, в первую очередь, для населения потребляющих эти услуги и, в рамках действующего законодательства.

## Обращение

### Администрации МО «Унцукульский район»

**Уважаемые родители!**

Администрация МО «Унцукульский район» обращается с призывом принять максимальные меры для обеспечения безопасности детей!

Летние каникулы - пора отдыха, интересных дел, новых впечатлений. У наших детей появилось больше свободного времени. Но, к сожалению, все чаще в сводках чрезвычайных происшествий звучит информация о том, что эти события происходят с участием ребенка. Причин много: незнание правил поведения, несоблюдение мер безопасности, неосторожность, недостаточный контроль со стороны взрослых, но результат один - серьезная угроза для жизни и здоровья наших детей. К сожалению, участились случаи гибели детей на воде.

Просьба всех родителей проанализировать и понять наиболее значимые для вашего ребенка угрозы и опасности в летний период. Призываю вас заботиться о безопасности своих детей, придерживаться правил безопасного поведения в быту, в общественных местах, во время отдыха на природе, вблизи водоемов. Не оставляйте малолетних детей без присмотра ни на минуту! Воспитывайте у детей навыки культуры безопасного поведения, демонстрируя на собственном примере осторожность в обращении с огнем, газом, водой, бытовой химией, лекарствами, а также в общении с незнакомыми людьми. Выделите несколько минут на открытый разговор с ребенком. Помните, эти минуты измеряются ценою жизни. А чтобы нежданное мгновение не стало началом большой беды, нужно давать детям четкие знания и умения, как действовать в той или иной ситуации. Не оставайтесь равнодушными, если увидели другого ребенка в опасности. Помните, что жизнь наших детей зависит только от нас самих!

**С уважением, администрация МО «Унцукульский район»**

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 31.07.19 г. 16:15
фактически -16:30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.